

## **Bataaxal bi Yàlla may Pool, mu bind ko FILEMON**

<sup>1</sup> Man Pool, mi ñu tëj kaso ngir Kirist Yeesu, ak sunu mbokk Timote, noo lay bind, yaw Filemon sunu soppe ak sunu nawle ci xeex bi; <sup>2</sup> te fàttewunu sunu jigéen Afiya, ak sunu àndandoo ci xeex bi Arkib, yéen ak mbooloom ñi gëm, miy dajee sa kër. <sup>3</sup> Yal na leen Yàlla sunu Baay ak Boroom bi Yeesu Kirist may yiw ak jàmm.

### *Cant ak ñaan ci Yàlla*

<sup>4</sup> Duma la noppee boole ci samay ñaan, di ci sant Yàlla sama Boroom, <sup>5</sup> ndaxte dégg naa sa ngëm ci Boroom bi Yeesu, ak sa mbëggeel ci gaayam yu sell yépp. <sup>6</sup> Li may ñaan nag a ngi nii: nga xam bu wér ngëneel, yi nu am yépp ci sunu bokk ci Kirist, ba tax bokk gi nga am ci Yàlla ci kaw ngëm meññ i njariñ. <sup>7</sup> Ci dëgg-dëgg sa mbëggeel bégal na ma bu baax, ba dëfal sama xol; ndaxte xam naa, sama mbokk, ni nga féexale xoli gaayi Yàlla yu sell yi.

### *Pool làyyil na Onesim*

<sup>8</sup> Am na lu ma la bégga ñaan; teguma ko ci sañ-sañ bu mat bi ma Kirist may, ci teg la ndigalu def sa warugar, <sup>9</sup> waaye dama lay ñaan ci mbëggeel gi nu séq, man Pool màggat, mi ñu tëj kaso ci turu Kirist. <sup>10</sup> Maa ngi tinul sama doomu diine Onesim, mi ma jur ci Kirist fii ci

kaso bi. <sup>11</sup> Amul woon sa njariñ\* démb, waaye tey amal na nu njariñ, yaw ak man.

<sup>12</sup> Maa koy yebal fi yaw, waaye xamal ne mooy sama reeni xol. <sup>13</sup> Dama koo bëggoona téye fi sama wet, ngir mu taxawal la, di ma dimbali, li feek maa ngi ci kaso bi ngir xibaaru jàmm bi. <sup>14</sup> Waaye bëggumaa def dara loo àndul; noonu ndimbal li nga may defal du nekk sañul-bañ, waaye mu ànd ak xol bu tàlli. <sup>15</sup> Xëy na sax dafa tàggoo woon ak yaw diir bu gàtt, ngir nga jootaat ci ba fàww; <sup>16</sup> waxuma léegi ni jaam rekk, waaye lu ko sut, xanaa mbokk mu dëggu ci xol, fekk looloo raw ag njaam. Mbokk la ci man, rawatina ci yaw, muy sa jaam ci aada, di sa mbokk léegi ci Boroom bi.

<sup>17</sup> Soo ma jàppee ni nawle nag, teeru ko, ni su ma la doon ganesi. <sup>18</sup> Soo ko naree topp genn tooñ mbaa benn bor, topp ma ko. <sup>19</sup> Man Pool maa ngi lay bind ak sama loxob bopp ne dinaa la ko fey; bëggumaa yegg ci ne sag dund sax ci man la jaar! <sup>20</sup> Waaw, yaw sama mbokk, dimbali ma ci Boroom bi, te seral sama xol ci sunu bokk ci Kirist. <sup>21</sup> Noonu bind naa la, ndax wóor na ma ne dinga ma déggal, ba weesu sax li ma la sant.

<sup>22</sup> Te itam nanga ma waajal néeg, ndaxte yaakaar naa ne Yàlla dina nangu seeni ñaan, ba delloosi ma leen.

<sup>23</sup> Sama mbokk Epafra, mi ma nekkal fi ci kaso bi ci turu Kirist, mu ngi lay nuyuu. <sup>24</sup> Samay àndandoo ci liggéey bi, Màrk, Aristàrk, Demas ak Luug, ñu ngi lay nuyuu.

---

\* **1:11** njariñ: ci làkku gereg turu Onesim mooy tekki «Ku am njariñ.»

<sup>25</sup> Yal na yiwu Boroom bi Yeesu Kirist ànd ak seen xel.

**Téereb Injiil**  
**The New Testament in Wolof, 2010 version.**  
**Le Nouveau Testament en langue Wolof, revision de**  
**2010**

copyright © 2010 La Mission Baptiste du Sénégal

Language: Wolof

Dialect: Regional Wolof

Translation by: La MBS

For full copyright statement, see <http://sng.al/copyright>

This translation is made available to you under the terms of the Creative Commons Attribution-Noncommercial-No Derivatives license 4.0.

You may share and redistribute this Bible translation or extracts from it in any format, provided that:

You include the above copyright and source information.

You do not sell this work for a profit.

You do not change any of the words or punctuation of the Scriptures. Pictures included with Scriptures and other documents on this site are licensed just for use with those Scriptures and documents. For other uses, please contact the respective copyright owners.

2020-07-09

---

PDF generated using Haiola and XeLaTeX on 11 Nov 2022 from source files dated 17 Jul 2020

79742756-9e1e-54a8-8cef-3115026c278e